UO‘K: 372.882

# QORAQALPOQ NASRIY ASARLARINI O‘QITISHDA BLUM TAKSONOMIYASINI QO‘LLASH MASALASI

***Tobanazarov Azamat Pirnazarovich, O‘zbekiston pedagogika fanlari ilmiy-tadqiqot instituti Qoraqalpog‘iston filialining mustaqil tadqiqotchisi***



https://orcid.org/0000-0002-4621-8908
**e-mail:** azamat-15@umail.uz

# THE QUESTION OF THE USE OF BLUM TAXONOMY IN THE TEACHING OF KARAKALPAK PROSE WORKS

***Tobanazarov Azamat Pirnazarovich, The free researcher of Uzbekistan Pedagogy Science-research Institute in Republic of Karakalpakstan***

# ВОПРОС О ПРИМЕНЕНИИ ТАКСОНОМИИ БЛУМА В ПРЕПОДАВАНИИ КАРАКАЛПАКСКОЙ ПРОЗЫ

***Тобаназаров Азамат Пирназарович, свободный исследователь филиала Республики Каракалпакстан Узбекского педагогического научно-исследовательского института***

**Annotatsiya:** *Maqolada muallif tomonidan adabiyot darslarida nasriy asarlarnı o‘qitishda Blum taksonomiyasini qo‘llashning ahamiyati va uning samaradorligi to‘g‘risida ilmiy fikrlar bayon etiladi.*

***Kalit so‘zlar**: maktab, adabiy ta’lim, nasriy asar, taksonomiya, Blum taksonomiyasi, bosqich va mezonlar, innovatsiya va ta’lim texnologiyalari, adabiyot darsi, samaradorlik.*

***Abstract:** The article presents scientific considerations on the importance of the author's application of Bloom’s taxonomy and its effectiveness in teaching prose works in literature lessons.*

***Keywords:** School, literary education, prose work, taxonomy, Bloom’s taxonomy, stages and criteria, innovation and educational technologies, literature lesson, efficiency.*

***Аннотация:** В статье излагаются научные соображения о значении применения автором таксономии Блума и ее эффективности при обучении прозаических произведений на уроках литературы.*

***Ключевіе слова:** школа, литературное воспитание, прозаическое произведение, таксономия, таксономия Блума, этапы и критерии, инновация и образовательные технологии, урок литературы, результативность.*

**KIRISIW.** Házirgi waqıtta mekteplerde qaraqalpaq prozasın oqıtıwdıń nátiyjeliligin asırıwǵa qaratılǵan innovaciyalıq bilimlendiriw texnologiyalar tiykarında modernizaciyalaw procesleri oqıwshılarǵa puqta ádebiy bilim beriw menen birge ózlestiriwdi kepillewshi jantasıw sıpatında kózge taslanadı. Egerde ózlestirilgen ádebiy bilimlerdi ámeliyatta, turmısta qollana alıw júdá ahmiyetli sociyallıq-bilim beriwshilik zárúrlik ekenligin inabatqa alsaq, ádebiyat pánin nátiyjeli oqıtıw arqalı oqıwshılardıń konpetenciyaların qáliplestirip rawajlandırıw qanshelli dárejede bul salaǵa jańalanıwlardı engiziwdi, milliy hám shet el tájriybeleri uylesken zamanagóy jantasıwdi talap

TAMADDUN NURI

etetuǵınlıǵın aytıp ótiw kerek. Sol mániste ádebiyat sabaqlarında innovaciyalıq texnologiyalardı en jaydırıw zamanagóy bilimlendiriwdiń eń áhmiyetli basqıshlarınan biri esaplanadı.

**ÁDEBIYATLAR ANALIZI HÁM METODLAR.** Tiykarınan alǵanda, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda hár qanday ádebiy materiallardı úyreniwge baǵdarlanǵan innovaciyalıq, interaktiv usıllardı qollanıw, sabaq processiniń nátiyjeli ótiwin támiynleydi hám qollanılǵan jańa usıl hám metodlar oqıwshılardıń sanasın jetilistirip, jańa ideyalar, bilimler menen bayıtadı. Bunnan tısqarı limiy ádebiyatlarda atap ótilgenindey, oqıw maqsetleriniń sabaqtıń didaktikalıq maqsetlerine muwapıq keliwi bilimlendiriw nátiyjeliligin anıqlastıradı hám kemshiliklerdi saplastırıwǵa negiz tayarlaydı.Hár bir oqıtıwshı úyreniletuǵın temadan kelip shıqqan halda oqıw maqsetlerin anıqlawı hám usı tiykarında sabaqlardı shólkemlestiriwi kerek.

Sol orında mınanı aytıp ótiw kerek, Blum taksonomiyasın ádebiy bilimlendiriw procesine en jaydırıw máselesi keyingi jılları B.Tuxliev, Q.Xusanboeva, R.Niyozmetova, I.Rajabova, G.Xolboyeva, Z.Mirzaeva, S.Qambarova sıyaqlı alımlar tárepinen úyrenilgen bolıp, bul izlenislerde teoriyanı kórkem shıǵarmanı tallawda qollanıw, tekst ústinde islesiw jolların Blum taksonomiyası ólshemlerine muwapıq shólkemlestiriw haqqında ilimiy pikirlerin bayan etken [1].

**TALQÍLAW HÁM NÁTIYJELER.** Ilimiy jámaatshiligimizge málim bolǵanınday-aq, ilimde qollanılatuǵın bul taksonomiya termini-**(**grekshe sóz bolıp, «Taxis»-izbe-iz jaylastırıw «Nomos»-nızam) iskerliktiń quramalı shólkemlestirilgen orayların sistemazatsiyalaw hám klassifikatsiyalaw teoriyası, jay ierarxiyalıq dúzilis degendi ańlatadı. Bul termindi birinshi ret ilimde shvetsiyalı botanik O.Dekandol tárepinen ósimliklerdi qayta klassifikaciyalawda qollanılǵan.Al bilimlendiriw texnologiyaları salasında B.Blum tárepinen 1956-jılı pedagogikalıq maqsettiń birinshi ret taksonomiyasın jarattı. Soǵan baylanıslı B.Blum hám D.Kratvol bilimlendiriw maqsetiniń oblastin (orayın) úshke bólip kórsetedi.Bular kognitivlik (predmettiń mazmunın ózlestiriwdiń talaplarına baylanıslı), psixomotorlıq (háreketsheń nervli-nıshanlıq iskerliktiń rawajlanıwı) hám affektivlik (emotsional-bahalılıq oblasti, úyrenilip atırǵan máselege baylanıslı).

Belgili amerikalı psixolog B.Blum (1913-1999) ilimiy izertlewlerine qaraǵanda, pedagogikalıq maqsettiń taksonomiyası boyınsha insan oy-órisiniń rawajlanıwı biliw, túsiniw, qollanıw, talqılaw, ulıwmalastırıw, bahalaw dárejelerinde boladı. Solardan:

**Biliw**-dáslepki oy-óristiń dárejesi bolıp, bunda oqıwshı atamalardı atay aladı, anıq qaǵıydalar, túsinikler hám taǵı basqalardı biledi.

**Túsiniw** dárejesindegi oy-óriske iye bolǵanda bolsa oqıwshı faktler, qaǵıydalar, sxema, tablitsalardı túsinedi. Keltirilgen maǵlıwmatlar arasınan keyingi aqıbetlerdi, nátiyjelerdi boljap shamalay aladı.

**Qollanıw** dárejesindegi oy-óriste oqıwshı alǵan bilimlerinen tek dástúriy ǵana emes, bálkim dástúriy bolmaǵan jaǵdayda da paydalana aladı hám olardı durıs qollanadı.

**Talqılaw (analiz)** dárejesindegi oy-óriste oqıwshı pútin bóleklerdi hám olar ortasındaǵı óz-ara baylanıslardı ajırata aladı, pikirlew logikasındaǵı qátelerdi kóredi, faktler hám aqıbetler arasındaǵı parqlardı ajıratadı, maǵlıwmatlardıń áhmiyetin bahalaydı.

**Ulıwmalastırıw** dárejesindegi oy-óriste oqıwshı dóretiwshilik jumıstı orınlaydı, qandayda bir tájriybe ótkeriw rejesin dúzedi, birneshe tarawlardaǵı bilimlerden paydalanadı. Maǵlıwmatlardı jańalıq jaratıw ushın dóretiwshilik penen qayta isleydi.

**Bahalaw** dárejesindegi oy-óriste oqıwshı ólshemlerdi ajırata aladı, olarǵa ámel qıla aladı, ólshemlerdiń hár túrliligin kóredi, juwmaqlardıń bar maǵlıwmatlarǵa maslıǵın bahalaydı, faktler hám bahalawshı pikirler arasındaǵı parqlardı ajıratadı [2]. Alım jaratqan pedagogikalıq maqsettiń taksonomiyasınıń kategoriyaların (kognitivlik, oqıw-biliw oblasti, oqıw materiallınıń mazmunın ózlestiriw kózqarasınan alıp qaraladı.Máselen, 5-klasta qaraqalpaq ádebiyatı páninen jazıwshı T.Qayıpbergenovtiń «Muǵallimge raxmet» povesti oqıtıladı hám bunı prozalıq shıǵarmalardı oqıtıw ámeliyatında qollanıw úlgisin tómendegi tablicada keltiremiz [3].

**Mekteplerde jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń «Muǵallimge raxmet» povestnn ózlestiriw boyınsha B.Blum taksonomiyasın qollanıw úlgisi**

| Taksonomiya basqıshları | Soraw hám tapsırmalardıń úlgileri |
|---|---|
| **BILIM** | Povesttiń atın tusindiriń.<br>Povesttiń bas ádebiy qaharmanların atap ótiń.<br>Shıǵarmada súwretlengen waqıyalardı bayan etiń<br>Povesttiń avtorı kim? |
| **TÚSINIW** | Povesttegi waqıyalar dizbegi sheshimine kommentariy keltiriń.<br>Povesttiń mazmunın qısqasha bayan etiń.<br>Meńlimurat hám Turdımurat kibi obrazlardıń shıǵarma syujetindegi ornı haqqında túsinik beriń. |
| **QOLLANIW** | Shıǵarma waqıyaların ózinińizdiń oy egleginizden ótkerip kóriń .<br>Tásirli orınların kórsetiń .<br>Povesttegi waqıyalar házirgi kúnde júz bergende qanday tús alǵan bolar edi?<br>Turdımurattıń ata-anasınıń oqıw máselesindegi pikirlerine qulaq salıp sáwbetlesiń |
| **TALQILAW (ANALIZ )** | Sol dáwirdegi balalardıń oqıwǵa barmawınıń is-háreketleriniń sebeplerin tusindiriń.<br>Meńlimurat muǵallim menen Turdımurattıń ákesi arasındaǵı jámiyetlik turmısqa bolǵan bolǵan múnásiybetin óz-ara salıstırıń.<br>Obrazlardıń xarakteri menen olardıń is-háreketlerin baylanıstırıń .<br>Turmıslıq shárt-sharayat qaharmanlardıń xarakterine qanday tásir kórsetkenligin túsindiriń . |
| **ULIWMALASTIRIW (SINTEZ )** | Bul povesttiń syujetin redaktorlawǵa háreket etiń .<br>Povesttiń juwmaqlanıwına ózgerisler kiritiń.<br>Ózińizdi qaharmanlardıń ornına qoyıp kóriń.<br>Povesttiń ideya-tematikası boyınsha qosıq yamasa basqa kishi kólemli dóretpe jazıń . |
| **BAHALAW** | Shıǵarma juwmaǵın bahalań.<br>Povestke retsenziya jazıń .<br>Dóretpe qaharmanların aqlań yamasa qaralań .<br>Gúrrińniń mazmunı turmıs shınlıǵına sáykesligin dálilleń. |

Ilimpazdıń bunday ilmiy-pedagogikalıq kózqarası búgingi zamanagóy pedagogikalıq texnologiyanıń pán sıpatında payda bolıp, qáliplesip rawajlanıw hám oqıtıw ámeliyatı tariyxında ayırıqsha orındı iyelegen.

Haqıyqatında da, bul klassifikaciyaǵa góre billim túrli dálil, qaǵıyda, táriyp sıyaqlı xabarlardi eslep qalıw, qayta aytıp bere alıwdan basqa nárse emes.Dástúriy pedagogikalıq jantasıwda bolsa bilim hárqanday bilimlendiriwden kútiletuǵın eń sońǵı hám joqarı nátiyje esaplanatuǵın edi. Sebebi, bilimli oqıwshını tayarlaw hárqanday bilimlendiriw mekemeleri ushın eń joqarǵı maqset bolıp tabıladı.

TAMADDUN NURI

Blum taksonomiyası bilimniń maqset emes, bálkim erkin pikirli, izleniwsheń, talapshań va hárqanday bilim beriwshilik hám turmıslıq mashqalaǵa sheshim tabıwǵa umtılatuǵın insan etip qáliplestiriw jolındaǵı birinshi qural ekenligin ańlattı [4]. Sonday-aq, Blum taksinomiyası xabarlardı ózlestiriwde quramalastırılǵan jantasıw bolıp, bilimlerdi belgili bir tártip tiykarında klassikaciyalaw hám sistemalastırıp úyreniw kózqarasınan ahmiyetli. Ol tek ǵana oqıw maqsetlerin durıs belgilewge, nátiyjege qaray durıs baǵdarlawǵa, intellektual kónlikpe hám qábiletlerdi sistemalı hám izbe-iz formada rawajlandırıwǵa da xızmet etedi.Bul úyrenilgen materiallardı eslew, qaytalap aytıp beriwden baslap tap onıń mazmun-máńizin tereń ózlestiriwge shekem bolǵan procesti óz ishine aladı [5].

**JUWMAQ.** Juwmaqlap aytqanda, mekteplerde ádebiyat sabaqlarında prozalıq shıǵarmalardı oqıtıwda Benjamin Blum taksonomiyasın qollanıw arqalı mınaday sebep-aqıbetlerge alıp keliwi múmkin.

Birinshiden, ádebiyat sabaqlarında prozalıq shıǵarmalardı oqıtıwda qoyılatuǵın pedagogikalıq maqset jáne de aydınlasadı hám oǵan baylanıslı ámelge asırılatuǵın wazıypalar da ózgerip, onı jetilistiriw kerek boladı.

Ekinshiden, ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń prozalıq shıǵarmalardıń mazmun-máńizin tolıq túsinedi, kórkem shıǵarmanı ózlestiriw dárejesi kóteriliwine alıp keledi. Lekin buni ámelde asırıw ushın ádebiy bilim beriw procesine innovaciyalıq bilimlendiriw texnologiyalardı en jaydırıw shárt.

Úshinshiden, mekteplerde ádebiyat sabaqlarında prozalıq shıǵarmalardı oqıtıwdıń nátijeliliginiń asırıwǵa únamli tásirin tiygizip, bul salanıń rawajlanıwında milliy hám shet el tájriybeleriniń ózara úylesiwi arqalı búgingi dáwir talaplarına tolıq maslasıwına alıp keledi.

## ÁDEBIYATLAR DIZIMI:


1.Тўхлиев Б.Адабиёт ўқитиш методикаси.Т.: Янги аср авлоди, 2010. Husanboeva Q, Niyozmetova R. Adabiyot o‘qitish metodikasi.T.: «Innovatsiya-Ziyo», 2020. Ража6ова И. Касб-хунар коллежлари адабиёт дарслари самарадорлигини оширишда интерфаол усуллардан фойдаланиш йуллари: Пед. фан. номз. дисс. –Т.: 2009, Mirzayeva Z. O‘quvchilarning ehtiyojini hisobga olish adabiy ta’lim taraqqiyotining muhim faktori sifatida. // Xalq ta’limi, №4, 2019, 20-22-bet. Xolboyeva G.Adabiyot darslarida Blum taksonomiyasini qo‘llash samarasi. // Til va adabiyoti ta’limi, №1, 2019, 31-33-bet. Qambarova S. Blum taksonomiyasi-o‘quv materiallarini o‘zlashtirishning muhim vositasi sifatida. O‘zbekiston: Til va madaniyat. Metodika.Vol.2(4), 4-11-bet.

2. Bloom, B.S., (Ed.). 1956. Taxonomy of educational objectives: The classification of educational goals: Handbook I, cognitive domain. New York: Longman., Anderson, L. W. & Krathwohl, D. R. (2001). A taxonomy for learning, teaching, and assessing. New York: Longman.

3. Nurjanov P, Umatova J, Begjanova D.Ádebiyat.5-klass ushın sabaqlıq-xrestomatiya.N.., «Bilim», 2020, 110-116-betler.

4. Ражабова И. Касб-хунар коллежлари адабиёт дарслари самарадорлигини оширишда интерфаол усуллардан фойдаланиш йуллари: Пед. фан. номз. дисс. –Т.: 2009, 44-45-bet.

5. Qambarova S. Blum taksonomiyasi-o‘quv materiallarini o‘zlashtirishning muhim vositasi sifatida. O‘zbekiston: Til va madaniyat. Metodika. Vol.2(4), 11-bet.


TAMADDUN NURI